# DEBUTAN

[ELÈV]

ane
2



DEBUTAN

*Yon piblikasyon pou timoun primè (6-8 lane).*

**Liv edikasyon kretyen pou timoun primè (de 6 a 8 lane) --- 1, 2 ak 3 grad edikasyon primè oubyen elemantè. Koresponn ak ane 2 nan sik ane debitan yo.**

# ELEV
# Ane 2

Cette edition est publiée par L'ÉCOLE DU DIMANCHE ET DE LA FORMATION DES DISCIPLES INTERNATIONAL (MEDFDI), Région de Mésoamérique, Église du Nazaréen

www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

discipleship@mesoamericaregion.org

© 2018 dwa rezeve

ISBN: 978-1-63580-075-3

Kategori: Edikasyon kretyen

Tout anotasyon sa a yo soti nan Bib, Vèsyon Jerizalém.

Dezama Jeudi
Tradiksyon ak adaptasyon

Enprime nan Etazini yo

# Tab Maytè


***Inite I: FANM KI GEN LAFWA AK KOURAJ YO***

**Leson 1:** Jokabèd 5
**Leson 2:** Debora Konfye L Nan Bondye 7
**Leson 3:** Rit Fidèl 9

***Inite II: BIB LA ANSEYE NOU KOUMAN POU N PRAN DESIZYON YO***

**Leson 4:** Salomon Te Pran Yon Desizyon Ak Bon Konprann 11
**Leson 5:** Andre deside ede Pyè 13
**Leson 6:** Mari ak Mat deside sèvi Jezi 15
**Leson 7:** Yon administratè pran yon bon desizyon 17
**Leson 8:** Danyèl chwazi manje ki bay lasante a 19
**Leson 9:** Yon nonm rich pran yon move desizyon 21

***Inite III: LANMOU SAN TACH BONDYE A***

**Leson 10:** Move desizyon yo 23
**Leson 11:** Move rezilta yo 25
**Leson 12:** Bondye lanmou ak mizèrikòd nou an 27
**Leson 13:** Bondye jistis ak gras nou an 29
**Leson 14:** Bondye padon nou an 31

***Inite IV: ANN FETE FÈT PAK LA***

**Leson 15:** Ann fete antre triyonfal Jezi a 33
**Leson 16:** Ann fete rezireksyon Jezi a 35
**Leson 17:** Ann fete rezireksyon Jezi a 37
**Leson 18:** Jezi toujou la ak nou 39

***Inite V: LEGLIZ LA GRANDI***

**Leson 19:** Legliz la koumanse grandi 41
**Leson 20:** Legliz la bezwen moun ki pou ede 43
**Leson 21:** Legliz la anba pèsekisyon 45
**Leson 22:** Legliz la demoutre lanmou Bondye a 49

***Inite VI: GRAN KOMISYON AN***

**Leson 23:** Gran komisyon an 51
**Leson 24:** Pyè pale ak Kònèy de Jezi 53
**Leson 25:** Legliz la voye Pòl ak Banabas 55
**Leson 26:** Ofrann pou misyon an 57

***Inite VII: GWO ISTWA YO SOU POUVWA BONDYE A***

**Leson 27:** Bondye gen kontwòl tout bagay 59
**Leson 28:** Bondye restore pèp li 61
**Leson 29:** Bondye onore obeyisans Naaman 63
**Leson 30:** Lame envizib Bondye a 65
**Leson 31:** Bondye pasyan epi konn padone 67
**Leson 32:** Bondye gen plis pouvwa pase founèz dife a 69

***Inite VIII: JEZI MOUTRE NOU PRIYE***

**Leson 33:** Jezi priye anvan li deside 71
**Leson 34:** Jezi moutre disip li yo priye 73
**Leson 35:** Jezi priye pou lòt moun 75
**Leson 36:** Jezi priye lè li tris 79

***Inite IX: BIB LA***

**Leson 37:** Bib la se liv espesyal Bondye a 83
**Leson 38:** Bib la pale nou de Jezi 85
**Leson 39:** Bib la ede nou fè sa ki dwat 89
**Leson 40:** Bib la anseye nou chak jou 91

***Inite X: POUVWA JEZI A***

**Leson 41:** Jezi geri de avèg 93
**Leson 42:** Jezi demoutre ke li se Pitit Bondye a 95
**Leson 43:** Jezi venk tantasyon an 97
**Leson 44:** Jezi vizite zache 101

***Inite XI: YON FANMI BONDYE TE CHWAZI***

**Leson 45:** Bondye rele Abraram 105
**Leson 46:** Abraram pèmèt ke Lot chwazi avan 107
**Leson 47:** Abraram kwè nan Bondye 109
**Leson 48:** Yon madanm pou Izarak 111
**Leson 49:** Izarak, patizan lapè 113

***Inite XII: BON NOUVÈL PAK LA***

**Leson 50:** Bon nouvèl pou Zakari ak Elizabèt 117
**Leson 51:** Bon nouvèl pou Mari ak Jozèf 119
**Leson 52:** Bon nouvèl pou gadò mouton yo 121
**Leson 53:** Bon nouvèl pou Simeyon ak Ana 123

***SEKSYON KI POU REKOUPE A*** 125

# Panye Jokabèd la



Koupe kann yo nan liy ki make yo : Koumanse ak dezyèm nan, double epi koupe youn wi epi lòt la non (youn antre nan lòt) pou ka gen yon espas ki rete ant youn avèk lòt. Apre sa, double fèy la rive jous nan liy pwentiye a. Apre sa, vlope chak kann ak yon kreyon pou ka gen yon bagay ki fè koub nan panye a epi pou moun kapab wè panye a pa mwayen kann yo. Li Sòm 121 :2. Sonje ke, menm si sitiyasyon an parèt difisil, Bondye gen kontwòl tout bagay.

# Bondye gen kontwòl tout bagay

## Mwen kapab brav.

Fè yon desen ki moutre ke w kapab vin brav paske Bondye gen kontwòl tout bagay.

Sekou mwen soti nan Seyè a, se limenm ki fè syèl la ak latè a. Sòm 121 :2.

# Debora konfye l nan Bondye















Rekoupe imaj yo, epi kole yo sou yon katon pou rekreye istwa biblik la. Moutre zanmi ou yo li ak fanmi w yo, pandan w ap rakonte yo kouman Debora te konfye l nan Bondye epi obeyi li nan moman difisil yo.

# Rit fidèl

Leson 3



Chèche nan seksyon ki pou rekoupe a imaj yo pou leson sa a epi koupe yo. Fè de moso nan mitan fèy la, sou liy nwa yo solid yo ke nou jwenn sou kote yo. Double soukote yo pa dèyè pandan w ap swiv liy pwen vètikal yo. Double fèy la sou liy pwentiye nan mitan an. Itilize kote sèn sa a pou w rakonte pati istwa biblik kote Rit moutre fidelite li anvè Nawomi. Apre sa, vire fèy la pou w chanje sèn nan, epi mansyone fidelite Bondye pou jan li t'ap pran swen yo.

# Bondye fidèl





# Desizyon Salomon an

Chwazi mo kòrèk yo pou w konplete fraz yo. Sèvi ak lèt ki nan kare ankoulè yo pou dekouvri mo ki manke nan dènye fraz la.

**1. Bondye te pale ak Salomon nan yon**

tren    Forè    Rèv

**2. Bondye te di Salomon: "M'ap ba ou nenpòt sa ou..."**

Mande mwen    Bezwen    Genyen

**3. Salomon te mande Bondye pou l te bali**

Lasante    Richès    Bon konprann

**4. Bondye kontan lè nou pran desizyon ki gen**

# Èd bon konprann

Ki kote ou kapab jwenn èd ke ou bezwen pou w pran desizyon ki gen bon konprann ? Konplete espas yo avèk vwayèl ki pèdi yo. Rekoupe imaj ki anba a yo epi kole yo nan kare ki pou yo a.

B_b

L_pr_y

J_z_

P_r_n yo

P_st_



# Andre deside ede Pyè

**Rekoupe imaj ki nan pati anba yo epi kole yo nan espas vid la, dapre lòd istwa biblik la.**

## Premye moun Andre te rankontre se te frè li a Simon (Pyè), epi li di l konsa: Nou jwenn Mesi a (Jan 1 :41-42).



# Enfliyans ki bon oswa move yo

Fè yon sèk alantou desen ki reprezante bon enfliyans yo, epi make sa ki reprezante move enfliyans yo avèk yon X.

| | |
|---|---|
|  **1** Adriyann gade anpil pwogram vyolans nan televizyon. |  **4** Vewonik koute mizik wòk avèk yon volim byen fò. Li vle memorize mo yo. |
|  **2** Dyego gade pwogram ki anseye li sou lanati. |  **5** Zanmi Kamila yo okipe tout balansin nan pak la, epi timoun piti yo pa ka itilize yo. |
|  **3** Mari koute mizik kretyen nan radio li a. |  **6** Zanmi David yo ede li netwaye lakou mesye Lopès la pou l te kapab jwenn tan pou l jwe avèk yo. |

Fè yon wonn alantou fraz ki endike fason Mat te deside sèvi Jezi.

Li te fè manje pou li.

Li te pote plent kont Mari.

Li te netwaye kay la.

Li te lave asyèt yo.

Li te rele nan tèt Mari.

Bay imaj kote Mari ak Mat ap sèvi Jezi a koulè. Double fèy la sou liy pwentiye yo pou w jwenn vèsè biblik la.



# Deside itilize don w yo

Fè yon wonn alantou fraz ki endike fason Mari te deside sèvi Jezi.

Fè yon wonn alantou fraz ki endike fason

Li te fache avèk Mat.

Li te aprann de Jezi.

Li te chita epi pa ede Mat.

Chak moun
don Bondye
pou yo
sèvis. Konsa,
jeran, na
Bondye yo,
travay
(1 Pyè

# NOUMENṆM NOU KAPAB SÈVI JEZI

Fè yon liy soti nan chak talan pou ale kote ou kapab mete li anpratik.


Mizik


Kay


Espò


Lekti


Legliz


Penti


Ankouraje



Lekòl

Fè imaj yon bagay ou kapab fè.

dwe pran
ba yo a
rann lòt
tankou bon
pran don
ki divès kalite,
na fè yo
4:10)

# Kimoun ki te gen bon konprann ?





Konplete imaj yo pandan w'ap fè desen talan yo ke Mèt la te remèt chak sèvitè yo. Fè desen ekspresyon ki te nan figi yo chak lè yo te devan fas li.

# Èske w sèvi ak sa w genyen avèk bon konprann?

Fè yon zetwal nan kare ki moutre timoun ki sèvi ak sa yo genyen avèk bon konprann yo.




Koupe imaj la nan tout kontou li. Double li sou liy pwentiye yo. Kole ti kouvèt yo pou fè yon anvlòp, epi sèvi avèk li pou w konsève ofrann ou an pou Bondye.



# Desizyon Danyèl la

Fè yon liy soti nan chak imaj pou ale nan fraz ki pou li a.











**1** "Ba yo manje manje pam yo paske mwen vle pou yo gen fòs".

**2** "Mwen pap manje manje wa a, paske mwen pa vle kontamine mwen".

**3** "M ap bay Danyèl ak zanmi li yo, sa yo vle manje".

**4** "Sa a se bagay Danyèl ak zanmi l yo te manje".

**5** Yo te pi reprezantan pase lòt yo.

# Sa kò mwen gen bezwen

Fè yon wonn alantou imaj yo ki reprezante sa kò w gen bezwen pou w rete ansante. Make ak yon X sa a yo ki kapab fè li mal.




















# Bondye vle pou m pwoteje kò mwen.

Fè desen oswa ekri yon bon desizyon w ap pran pou w pwoteje kò w semèn sa a.

# LASANTE MWEN ENPÒTAN POU BONDYE






Rekoupe toude wonn yo. Ak yon sipò papye ki gen de tipat, kontre yo ansanm nan mitan, ki endike pa mwayen pwen yo. Kounye a ou kapab repase sa w te aprann nan istwa biblik la. Sonje ke ou dwe kontante ak sa w genyen.

**Pa kite renmen lajan pran nanm nou, se pou nou kontan ak sa nou genyen... (Ebre 13 :5)**






Double fèy la sou liy pwentiye yo. Sèvi ak imaj yo pouw rakonte istwa biblik la ki pale nou de premye peche a.

# Avètisman yo


















Fè yon wonn alantou anons yo (avètisman yo) ke ou wè souvan yo.

---



















Fè yon wonn alantou anons yo (avètisman yo) ke nou resevwa ki soti nan Bondye chak jou.

# Kisa ki ta rive si... ?

**Fè desen sa ki ta kapab rive si w pa fè atansyon avèk avètisman sa a yo.**








# Kouman peche fè nou mal ?




Ede Kayen pou li jwenn chemen an.

# Kimoun ki te renmen Bondye?




Jwenn mo ki pèdi yo nan desen an. Ki diferans ki te genyen ant Noye avèk moun ki te deyò lach yo?




Desine espas ki nan lèt ki make avèk yon “X” yo pou w jwenn mesaj ki kache a”.



## Bondye se__ __ __ __ __ __

Koupe paj la nan mitan, pandan w ap swiv liy nwa a. Apre sa double fèy yo sou liy pwentiye yo, epi fè yon ti liv. Paj 1, se kouvèti a; paj 4 ak 5 dwe rete nan mitan. Tape oswa koud liv la toulong kote li double a. Apre sa, kole oswa ini imaj seksyon ki pou koupe a ki gen pou wè ak pati ki make nan paj 2 ak 7 ti liv la. Ekri mo a pou konplete fraz anwo a.

cortar

# Sovtaj la





6

Double



3


Kole figi Abraram la a.

2


Kole lavil Sodòm la a.

7


¿50? ¿45? ¿40? ¿30? ¿20? ¿10?
Abraram entèsede pou Sodòm.

4

5

Koupe imaj la pandan w ap swiv liy nwa a yo.

Double imaj lasou liy pwentiye yo pou kwa a kapab parèt lè yo louvri kat la.

Double pati anlè a sou anndan.

Louvri li pou w wè ki plan Bondye te genyen pou l te padone nou.





## Ou kapab vin yon pitit Bondye.

| | |
|---|---|
| Admèt ou fè peche. | Women 3 :23 |
| Kwè ke Jezi te mouri pou ou. | Women 5 :8 |
| Repanti de peche w yo. | Women 6 :23 |
| Mande Bondye pou l padone w. | 1 Jan 1 :9 |
| Nan fason sa a, w ap vin yon pitit Bondye. | Jan 1 :12 |

**Bondye sen, damou nou an renmen w!**



Nan Ansyen Testaman an, lè moun yo te fè peche, yo te konn ofri animal yo kòm sakrifis.



Kounye a, noumenm nou pa bezwen sakrifye animal. Jezi te fè sa posib lè li te ofri nou padon an.



Koupe

Rekoupe tiban sa a sou liy nwa a. Double fèy la sou liy pwentiye yo pou w wè foul moun yo ki te resevwa Jezi nan chemen an. Double imaj Jezi a sou liy ki pwentiye yo, epi kole li nan pati ki anba a. Deplase imaj la sou kote foul moun yo, pandan w ap rakonte istwa Dimanch ramo a.





Koupe

3



2



Bay paj ki annapre a koulè. Apre sa, retounen nan paj ki avan an epi double sou liy pwentiye yo pou w fè yon ti liv. Sèvi avèk li pou w rakonte lòt yo istwa antre triyonfal nan Jerizalèm nan, krisifiksyon an ak rezirèksyon Jezi a.

1



# Rezirèksyon Jezi a

4

# JEZI VIVAN!



# Jezi se Pitit Bondye a

Leson 17

Kole-la a





Koupe ti bann sa a. Koupe kare sa a avèk de disip yo epi kole li nan pati anwo fèy sa a, sou liy pwentiye a, pou w kapab wè figi disip yo lè yo te vin rekonèt ke se te Jezi. Rakonte istwa sa a bay fanmi w yo avèk zanmi w yo.

# Ak kimoun mwen pral pale?

# Kisa mwen pral di?





**Non** ____________________



**Non** ____________________



**Non** ____________________

Li mo ou ki nan kare ou te rekoupe yo. Fè imaj yon moun ou kapab rakonte Bon Nouvèl Jezi a pou chak sèn. Ekri non moun ou te fè imaj li a anba chak kare. Nan espas vid yo, ekri kisa w ta di pou w rakonte istwa rezirèksyon an. Apre sa, kole mesaj ou te rekoupe a anba timoun yo, epi kouvri enstriksyon sa a yo avèk li.

Ale epi rakonte Bon Nouvèl yo bay lòt.


Jezi te moute
nan syèl la !


Jezi ap
retounen !

Fè kouti yo nan liy nwa ki make nan paj ki anvan yo. Rekoupe ti bann nan avèk imaj Jezi ki nan seksyon ki pou koupe a. Double fèy la nan mitan, pandan w ap swiv liy ki pwentiye a. Mete ti bann imaj Jezi a nan twou yo. Deplase imaj la pou wè kouman Jezi te moute nan syèl la. Vire fèy la, epi deplase imaj la sou anba pou w wè kouman Jezi ap retounen sou latè, menm jan li te ale a.

# Premye legliz la



# Sentespri a ede legliz la pou li grandi !



# Legliz la jodi a

Fè desen fason Sentespri a ede legliz la pou li grandi.



# Mak 16 :15

**_____________ toupatou sou**





**_____________ epi _______________**






**Bon___________la bay tout ______.**

Ekri mo yo anba imaj yo pou konplete vèsè pou aprann nan.

# Kimoun sa a yo ki te fè travay sa a?



Fè yon liy soti nan imaj apot yo pou rive nan travay yo te konn fè yo.
Fè yon liy soti nan imaj sèt dyak yo pou rive nan travay yo te konn fè yo.

# MWEN KAPAB FÈ LI!




Pentire travay ke w' kwè ou ta kapab fè pou w' ede nan legliz la. Desine, nan espas vid la, kèk bagay ou ta kapab fè pou w kolabore la a.

# PÈSEKISYON ETYÈN NAN



**Men, yo pa t' kapab kenbe tèt ak li, Etyèn t ap pale avèk bon konprann Sentespri a te ba li (Travay 6 :10).**

Rekoupe liy vètikal nwa a yo pou w fè de twou nan fèy la. Rekoupe ti bann nan imaj seksyon ki pou koupe a epi mete li nan twou Bib la. Deplase ti bann nan pou w repase istwa biblik la sou sa ki te pase Etyèn lè li t ap preche sou wayòm Bondye a.

# Viktwa sou pèsekisyon

Kòmansman

Objektif

Kilè yo te sèvi avèk ou mal paske w te fè sa ki dwat ?

Si yon moun te fawouche w lè w te lapriyè pou w di mèsi pou manje yo, fè 1 espas fè bak.

Si w te di zanmi w lan pa gade pwogram vyolans nan televizyon epi mande li pou l chanje chèn, avanse 3 espas.

Si w te envite pi move timoun nan katye a pou ale nan klas edikasyon kretyen an, avanse 1 espas.

Si w te di yon moun pou li sispann di pawòl sal yo, avanse 2 espas.

Si yon moun ri w paske w te ale legliz olye w te ale nan lakou foutbòl la, fè 1 espas fè bak.

Rekoupe kare yo avèk zetwal ak nimewo ki nan seksyon ki pou koupe a. Fè aktivite sa a avèk yon zanmi. Mete zetwal yo nan "koumansman", epi kare yo avèk nimewo nan yon sak. Chak jwè dwe pran yon nimewo, epi avanse kantite espas jan sa endike a. Si yo tonbe nan yon espas avèk entriksyon, se yomenm pou yo swiv.

# Ann moutre lanmou Bondye a

1

2

3

4

Rekoupe chak kare ki anba yo. Mete yon nan lòd konfòm ak istwa biblik la, epi kole yo an espas vid ki nan pati anwo yo. Kounye a ou kapab rakonte lòt moun kouman Tabita te moutre lanmou Bondye a.



# Mwen kapab moutre lanmou Bondye a

Dimanch

Lendi

Madi

Mèkredi

Jedi

Vandredi

Samdi

Ekri oswa fè desen pou montre fason ou te montre lanmou Bondye a anfavè lòt moun chak jou. Pote fèy sa a nan klas la nan semèn k ap vini an.



## Travay 1 :8

**[Jezi di :]... na sèvi m temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari epi jouk nan dènye bout latè.**

**Sentespri a ede m temwaye nan**

**______________________**

(Vil mwen an oswa katye)

**nan__________________**

(site oswa pwovens)

**nan_______________ak**

(peyi mwen)

**jouk nan dènye bout**

**______________________**

(planèt mwen an)

Fè yon koupe sou liy nwa ki make nan mitan paj la. Rekoupe imaj Jezi ki nan seksyon ki pou koupe a epi mete li nan twou a. Double fèy la sou liy pwentiye yo yon fason pou vizaj timoun yo rete double sou dèyè. Deplase imaj Jezi a sou anwo pandan w ap rakonte sa ki te pase avèk li apre li te fin bay disip li yo enstriksyon yo. Li Travay 1 :8. Double vizaj disip yo sou dèyè ak pa timoun yo sou devan. Ranpli espas vid yo pou w kapab sonje ki kote ou kapab bay temwayaj sou Jezi.

# Mwen kapab pale avèk









# Sou

____ ____ ____ ____   ____ ____   ____ ____ ____ ____

Fèmen nan yon wonn oswa ekri non kèk moun ke w kapab pale avèk yo de

# Lanmou Bondye a

Ekri mo ki souliye yo nan espas vid yo.

# Bondye renmen Pyè avèk Kònèy



Kònèy

- Li te fè yon Vizyon
- Li te fè pati lame women an
- Jwif
- Li te wè yon zanj
- Li te obeyi Bondye
- Payen
- Apot
- Li te wè anpil animal ki te desann soti nan syèl la
- Li te gen yon zanmi tounèf
- Bondye te renmen li



Pyè

Li fraz anlè yo. Trase yon liy pou w rankontre chak pwen nan chak fraz avèk nonm li dekri a. Kèk fraz pale de Kònèy, lòt de Pyè, epi lòt de yo tou de.

# BONDYE RENMEN



# TOUT MOUN EPI TOUT KOTE

**Wi, kounye a mwen konprann sa a se vre : Bondye pa gade sou figi moun. Li kontan ak tout moun nan tout nasyon ki gen krentif pou li epi ki fè sa ki dwat devan li (Travay 10 :34-35).**

Fè yon imaj de pwòp tèt ou nan premye ankadreman an. Fè imaj yon moun ke ou renmen nan dezyèm nan. Fè imaj yon moun ou pa byen rekonèt nan twazyèm nan. Opsyon: Kole yon moso papye aliminyòm nan premye ankadreman an pou li sanble ak yon glas. Fè imaj fanmi ou nan dezyèm nan. Kole papye jounal ki moutre moun nan twazyèm nan. Li vèsè biblik la epi sonje sa Pyè te aprann : Bondye renmen tout moun tout kote !



Rekoupe atravè liy vètikal ki angra a pou w separe imaj yo ki sou bò dwat paj la. Koupe toulètwa kare yo pou w separe yo. Kole yo chak nan sèn nan pou moutre kouman Bondye te rele epi voye Pòl ak Banabas kòm Misyonè.

# Ale, Bay ak Lapriyè

**Kèk moun gen apèl pou_ _ _ (3) nan zòn ki byen lwen yo.**

**Kèk moun obeyi Jezi epi sonje_ _ _ _ _(2) chak jou.**

**Nou pale de lanmou Bondye ak_ _ _ _ _.(4)**

**Lè nou bay, nou ede_ __ __ __ nou yo .(5)**

**Swa ke nou bay, nou lapriyè oswa nou ale, Nou tout nou genyen yon _ _ __ __. (1)**

**ke nou de_ _ _ _ _ _. (6)**




Chwazi mo nan lis sa a pou w ranpli chema a.

## Bay-ale-misyon-obeyi-frè parèy yo-lapriyè

# Ofrann nou yo ede misyonè yo anonse lanmou Bondye a.











Mete nimewo nan imaj yo dapre lòd istwa a. Li fraz ki anlv a pou w ka sonje sa filipyen yo te fè pou Pòl ak sa ou kapab fè jodi a.

# Kè obeyisan yo

Mwen aprann [1] osijè de misyonè yo.

[2]

Sa a ede mwen konnen kouman mwen dwe

Mwen kapab obeyi Bondye epi ede lòt moun [3] epi tou

[4] ak [5]

Rekoupe kè yo ki nan seksyon ki pou koupe a epi kole yo nan espas ki kòresponn nan paj sa a.

# KONFIZYON!

## Se konsa seyè a gaye yo toupatou sou latè, epi yo sispann bati lavil la.

**(Genèz 11:8)**




Rekoupe imaj la nan fòm li ye a. Apre sa, double li sou liy pwentiye yo. Kole kouvèt ki piti yo nan kouvèt ki pi gwo yo. Rakonte istwa biblik la pandan w ap obsève chak sèn. Li mo ki nan baz la.





# Aksyon nan lanmè wouj

Li enstriksyon ki nan do a.








Koupe pandan w ap swiv liy vètikal ki an gra yo (rive jouk nan koumansman liy pwentiye yo) epi liy yo sou dlo a. Double sou devan sou liy pwentiye yo. Rekoupe imaj izrayelit ak ejipsyen yo. Sèvi avèk yo pou w rakonte istwa biblik la. Ouvè pati kote ki gen dlo a pou w kite Moyiz dirije izrayelit yo nan lanmè wouj la. Double pati ki gen dlo a pou w wè kouman Bondye te delivre pèp li a anba men ejipsyen yo.







# YON ISTWA KONFYANS

Rekoupe pyès devinèt yo epi ranje yo nan fason ou te aprann istwa biblik la. Lè devinèt la fini, l ap gen fòm yon T. Vire devinèt la epi w ap jwenn yon mesaj espesyal.







**nou an**

**nan**

**Nou kapab**

**Bondye gran epi ki gen pouvwa.**

**Konfye**




Koupe pati anba fèy la sou liy ki an gra a. Apre sa koupe pandan w ap swiv liy ki nan mitan de triyang yo. Double fèy la sou liy pwentiye a. Double yon pati sou dèyè epi lòt sou devan pou kreye yon sèn. Double imaj Elize ak sèvitè a nan mitan. Double pati baz la epi kole yo pou w kapab mete imaj la kanpe. Mete li nan sèn nimewo 1 an, epi apre sa nan nimewo 2, pandan w ap rakonte istwa biblik la.





**Lè fini,**
**Elize lapriyè**
**epi li di: Seyè, tanpri**
**louvri je l pou l kapab wè…**
**(2 Wa 6:17).**









6

7

8

Bondye gen pasyans li padone epi li fè jistis ak tout moun.

# Jonas aprann yon leson






1




**1 Double fèy la nan mitan pandan w ap swiv liy pwentiye a, yon fason pou imaj yo rete deyò. Gade dyagram 1 an. Koupe sou liy nwa a pou w fè yon twou.**

**2 Ouvè fèy la epi etann li. Apre sa, double li nan mitan yon fason pou kare 2, 3,4, ak 5 kapab rete sou menm bò, jan dyagram 2 a moutre l la.**

**3 Double de mitan ti liv la rive jouk nan liy pwentiye a. Gade dyagram nimewo 3.**

**4 Double mitan ti liv la epi etann li ankò. Kounye a double fèy la nan mitan epi, pran mitan yo pouse yo nan mitan kouskaske paj yo rankontre. Gade dyagram 4 ak 5.**

**5 Double paj 1 ak 8 alantou rès paj yo, pou yo kapab rete kòm kouvèti ti liv la.**

**6 Sèvi ak ti liv sa a pou w repase istwa biblik la. Li mesaj ki nan paj 8 epi sonje leson enpòtan ke Jonas te aprann.**

**Nòt pou pwofesè a: Si sa nesesè, fè kopi enstriksyon sa a yo pou tout pwofesè ak asistan yo, yon fason pou yo kapab li yo pandan y ap ede timoun yo fè ti liv yo a.**




Rekoupe ti bann sa sou liy nwa a. Double sou liy pwentiye yo yon fason pou triyang yo kouvri imaj la. Li mo ki nan triyang yo. Apre sa, ouvè yo epi obsève desen an. Kisa ki te pase jèn sa a yo dapre istwa biblik la? Rekoupe zanj ki nan pwochen paj la. Kole li nan founèz cho a avèk twa jèn ebre yo ki te konfye yo nan Bondye. Ekri non w sou liy la epi li mesaj ki genyen pou ou a. Vire paj la epi li vèsè biblik leson sa a.


Lafwa
Obeyisans
Konfyans
Fòs
Konfye ak obeyi
Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs, gen konesans li pa gen limit (Sòm 147:5).



**Wonn mo yo**









**Wonn anlè a.**

## Wonn desen yo

- Rekoupe toulètwa wonn yo nan fòm yo ye a.
- Rekoupe fenèt ki nan wonn anlè a.
- Fè rankontre twa wonn yo avèk yon agraf papye ki gen de ti pat. Wonn ki pi wonn a dwe bay sou anwo; wonn mo yo nan mitan; epi wonn desen yo, anba.
- Vire wonn nan, epi rakonte kouman Jezi te konn lapriyè anvan li pran desizyon yo.
- Vire wonn nan ankò, epi chwazi chwazi yon mo nan wonn mo yo. Apre sa, chèche desen ki kòresponn nan.
- Pale sou kalite desizyon ke timoun yo ta kapab pran lè yo nan lye sa a. Lè fini tou pale osijè de ke yo dwe lapriyè anvan yo deside. Repete dènye etap yo avèk chak mo ak imaj.



**Seksyon B**

**Papa nou ki nan syèl la, nou mande pou non ou toujou respekte. Vin etabli gouvènman w lan. Se pou volonte w fèt, sou latè menm jan ak nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a, ban nou li jodi a (Lik 11 :2-3).**

**Seksyon C**

Kole men lapriyè a la a.

**Koupe sou liy nwa a. Apre sa, double sou liy pwentiye yo. Kole seksyon B ak C dèyè A. Kole seksyon E ak F dèyè D. Rekoupe men lapriyè yo ki nan seksyon ki pou koupe a. Kole youn nan men yo akote chak bwat lapriyè w la (gade egzanp la).**

**Fè desen oswa ekri demann lapriyè nan ti papye, epi mete yo nan bwat ou a. Envite fanmi w yo fè sa tou. Chak jou chwazi youn epi lapriyè pou demann sa. Sonje ke Jezi te ban nou egzanp kouman nou dwe lapriyè.**

Kole men lapriyè a la a.




**Seksyon E**

**Padone peche nou yo, paske noumenm tou nou padone tout moun ki fè nou mal. Epi pa kite nou nan pozisyon pou nou tonbe nan tanta-syon (Lik 11 :4).**

**Seksyon F**

**M ap rele ou, Bondye, paske w reponn mwen; tanpri, panche zòrèy ou bò kote m, koute sa m ap di ou.**
**(Sòm 17 :6)**

# Pou kimoun Jezi te lapriyè ?














## Jezi te lapriyè pou...

Ekri non ou nan wonn ki vid la. Chèche ti bann ki gen men lapriyè yo nan seksyon ki pou koupe a epi koupe li. Apre sa, kole li nan desen ki reprezante moun ke Jezi te lapriyè pou yo nan istwa biblik la. Konplete fraz anlè a.

# Mwen pral lapriyè pou frè parèy mwen yo

**Ekri non moun ou genyen pou w lapriyè pou yo chak jou nan liy sa a yo. Chak jou ou lapriyè pou moun ki nan lis ou a, kole oswa fè desen yon zetwal nan kare ki kòresponn nan.**

1. ____________________
2. ____________________
3. ____________________
4. ____________________
5. ____________________
6. ____________________

| Dimanch | Lendi | Madi | Mèkredi | Jedi | Vandredi | Samdi |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |



**M ap rele ou, Bondye, paske w reponn mwen; tanpri, panche zòrèy ou bò kote m, koute sa m ap di ou (Sòm 17 :6).**





# Se pou volonte w fèt !

Double fèy la sou anwo sou liy pwentiye a, konsa ou kapab sonje kouman Jezi te lapriyè lè li te tris la.

# Lapriyè se kle a

Chèche nan Bib ou a epi konplete espas vid yo avèk mo ki manke yo pou w fòme vèsè biblik la.

**M ap____________,**
**Bondye, paske**
**w____________mwen;**
**panche__________**
**bò kote mwen,**
**koute_________di ou**
**(Sòm 17 :6).**




Bib la se yon liv espesyal Bondye a.
Ansyen Testaman
Nouvo Testaman
Semèn 1
Semèn 2
Semèn 3
Semèn 4
Anvan Jezi te vin sou latè
Apre Jezi te fin fèt

Double fèy la sou liy pwentiye a. Ekri non ou nan espas ki klere a. Rekoupe imaj ki nan seksyon ki pou koupe a ki kòresponn ak aktivite sa, epi kole youn chak semèn ke w bay asistans ou nan klas biblik la.

# Bib la

# Koleksyon yo

Koute byen, noumenm pèp Izrayèl : Seyè a, Bondye nou an, se li sèl ki mèt. Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout fòs kouraj nou...Mare yo sou ponyèt nou epi sou fwon nou pou nou pa janm bliye yo (Detewonòm 6 :4-5, 8).

Demen, lè pitit gason nou yo va mande nou poukisa nou fè sa? na di yo: Se paske se ak fòs ponyèt li, Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip kote yo te fè nou tounen esklav la. ...Sèvis sa a va tounen tankou yon mak sou men nou, tankou bando nou mare sou fwon nou, pou fè nou sonje se ak fòs ponyèt li Seyè a te fè nou soti kite peyi Lejip (Egzòd 13:14,16).






Enstriksyon pou fòme koleksyon yo (Mwen rekoumande w sèvi avèk adezif olye de lakòl): (1) ekri non ou sou liy yo ki nan de kare yo. (2) Rekoupe toulède kare yo ak de ti bann ki gen vèsè yo. (3) Double kare yo sou liy pwentiye yo. (4) Koupe kare yo sou liy nwa a yo. (5) Kole seksyon A yo sou seksyon, B pou bay koleksyon w lan fòm. (6) W ap bezwen yon bann len byen long oswa twal ki fèm (longè a nesesè pou w ka mare li alantou tèt ou). Jwenn mitan twal la. (7) Kole ak yon ti bann adezif nan mitan twal la kote ki di "Kole la a" nan mitan koleksyon an. (8) Anvlope chak ti bann avèk vèsè biblik la alantou yon kreyon. Plase de vèsè yo anndan koleksyon an. (9) Mete ti bwat ki anlè a sou sa ki anba a. Pou fini, mare koleksyon an sou fwon ou, jan desen an moutre l la.



B

Kole la

B B

B

B

B B

B

# Bib la pale nou osijè de Jezi

Leson 38



Konte kare yo dapre lòd istwa biblik la. Rakonte sa ki te pase nan istwa sa a.

# XOXOXOX Bib XOXOXOX
# Annou jwe!



Rekoupe kat kesyon yo, ak imaj X ak 0 nan seksyon ki pou koupe a. Mete tablo jwèt la sou tab la. Chak ekip dwe genyen de moun pou chwazi pa relèv yon kat nan kesyon yo. Pwofesè a ap li kesyon an pou ou. Si repons ou a bon, w ap kapab mete nan tablo a yon mak (0 oswa X, dapre sa ki deside anvan jwèt la te koumanse). Jwè ki gentan fòme anpremye yon liy vètikal, orizontal oswa dyagonal avèk imaj li a se limenm ki genyen.

# Bib la ede mwen konnen kisa ki kòrèk




Ouvèti sa a dwe mache ansanm ak seksyon 5.

Koupe imaj la sou fòm li ye a. Koupe sou liy piti yo nan seksyon 1 ak 5. Apre sa, double sou liy pwentiye yo. Mete liy seksyon 1 an nan seksyon 5 lan pou w fòme imaj la. Rakonte istwa biblik la, esplike sou ki fason Bib la fè ladiferans.

**Bib la fè la diferans**

Separe seksyon 1 ak 5. Vire imaj la, epi ekri non w nan liy ki make a. Double sou liy pwentiye yo, epi fòme imaj la ankò. Dekrive sa imaj yo reprezante epi li vèsè a.





1 2 3 4 5



**...Mwen pap bliye pawòl ou yo (Sòm 119 :16).**

**Non**

# Bib mwen an ede mwen konnen kisa mwen dwe fè

**1 Lè sa difisil pou obeyi règleman yo...**







**2 Lè yon moun anseye yon bagay ki tounèf...**







**3 Lè yon moun fè mwen mal...**







**4 Mwen kapab konfye nan Bib la paske...**







Enstriksyon yo: Rekoupe tibann sa. Konsève imaj yo nan lòt bò a pou w sèvi ak yo apre. Li tit aktivite a avèk koumansman chak lapriyè. Fè yon wonn alantou chak konklizyon kòrèk pou chak sitiyasyon. Apre sa, double kote dwat fèy la sou liy pwentiye a. Èske w te chwazi repons ki kòrèk la?

# Swiv lidè a !

Rekoupe senk imaj nan ti bann ki anba a. Kole yo kote ki kòresponn nan nan vèsè biblik la.

[ ] se [ ] ki fè m' konnen kote m'ap mete [ ]

epi se yon [ ] k'ap klere [ ] mwen.

**(Sòm 119:105).**











Remake pawòl sa yo.

Pitye

Lanmou **ki** ede

Ekri nan lòd lèt ki nan kare wouj yo bò kote "Sa avèg la te di a". Apre sa, kopye lèt nan kare jòn yo bò kote "Sa Jezi te fè a".

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| M | J | E | E | T | A | Z | O |
| I | D | T | Y | E | G | N | G |
| K | P | G | P | E | S | I | N |
| P | A | E | R | N | Z | B | P |
| N | I | L | I | M | O | T | S |
| T | M | Y | Y | T | E | Z | P |
| G | O | E | U | P | S | O | W |
| U | T | Y | N | L | O | O | U |

**Sa avèg la te di a**

_ _ _ _ _ _, _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _. Matye 20:30

**Sa Jezi te fè a**

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _

_ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _ _. Matye 20:30




**Jezi te chanje sitiyasyon an**







Koupe pati anba fèy la. Apre sa koupe fòtèy la ak imaj nonm kokobe a. Double fòtèy la sou liy pwentiye a (pati mawon an dwe rete deyò). Mete imaj nonm kokobe a nan fòtèy la epi repase sa w te aprann nan istwa biblik la. Opsyon : Pèse twou ki make nan fòtèy yo ak anlè a. Foure ladan li riban twal oswa lèn nan twou fòtèy la. Pase li nan twou ki anlè a epi fè ne avèk yo. Sèvi avèk ti bann sa a yo pou w moutre ke ou desann fòtèy la jouk atè.

# Kimoun ki kapab ...?

Fè yon tras soti nan wonn nan, zetwal la, kare a ak triyang lan ale nan moun yo ki kapab fè sa fraz yo di yo.




**Moutre pitye.**

**Ede moun ki malad yo pou yo santi yo miyò.**




**Geri moun san sèvi ak medikaman.**

**Padone moun lè li dezobeyi Bondye.**




## Mesaj kache

Poukisa Jezi te konn fè sa pèsonn pa t kapab fè ?

**a eydnoB titiP es iL**

**Mete mesaj sa a devan yon glas pou li repons lan.**

# Kilès ki tantatè a ?






Double sou dèyè, epi apre sa sou devan.

Double sou dèyè.








Rekoupe kat yo pou leson sa a nan seksyon ki pou koupe a. Double fèy sa a sou liy pwentiye yo. Kole kòt yo ansanm pou li ka fòme yon bous. Gade kat ou te rekoupe yo, epi chwazi sa a yo ki moutre fason pou chèche èd lè nou anba tantasyon. Konsève kat sa a yo nan bwat zouti w yo.

# Zache te chanje lè li te rekonèt Jezi



Koupe bann yo ak imaj Zache nan seksyon ki pou koupe a. Kontre bann yo pandan w ap kole yo sou espas ki make yo avèk lèt A ak B. Kole imaj Zache sou bann nan, yon fason pou sentiwon li kouvri lèt yo. Fè twou ki make yo nan pye bwa a. Mete pwent bann yo ladan yo. Double pwen yo sou dèyè sou liy pwentiye yo. Deplase Zache pou soti anwo pou desann anba pou w moutre ke l ap moute epi desann pye bwa a.

# Zache te chanje



# Noumenm tou nou kapab chanje!






An mezi w'ap pentire desen yo, dekrive sa yo siyifi.


Fanmi
Non

Kole la a

Kole la a

Kole fotografi fanmi, oswa fè desen yo nan kare sa a yo.

Kole la a

Kole la a

Double sou liy nan

Rekoupe kay ki nan lòt bò fèy la sou fòm li ye a. Apre sa koupe sou liy nwa make yo pou w ouvè pòt yo avèk fenèt yo. Double yo sou liy pwentiye yo. Ekri non w nan liy nan. Double sou liy pwentiye ki anwo a pou kay la kapab rete fòme. Fè desen oswa kole foto fanmi nan pòt la epi fenèt yo. Kole pati devan an avèk pati dèyè kay ou a.

# Se pou nou bay san gad dèyè



















Ini avèk yon liy imaj ki gen relasyon yo.

# Sonje vèsè biblik la




__ ____ _ ______ ___ __

_ __ ____. _ __ _____ ____

__ __ __ ___ __. **(Jozye 24 :24)**

Ekri lèt ki nan volan yo nan espas vid yo. Koumanse avèk lèt S

# Mwen menm tou Mwen kapab konfye m nan Bondye!

Leson 47

**Se pou nou rekonèt Seyè a, Bondye nou an, se sèl Bondye ki genyen, sèl Bondye k ap toujou kenbe pawòl li**

**(Detewonòm 7:9a).**





**Menm si sa te difisil...**

**Abraram te konfye li nan Bondye!**

Double fèy la nan mitan. Rekoupe imaj tibebe Izarak la nan seksyon ki pou koupe a. Kole li nan ponyèt Abraram.

# Konfye ak obeyi






Bay desen an koulè, epi kontre pwent yo konfòm ak nimewo yo. Rakonte li bay fanmi ou oswa bay kèk zanmi sa w te aprann nan istwa biblik la.

Mwen va

________________,

mwen va moutre

w __________ pou

ou swiv la; mwen

va _____________

sou ou.

(Sòm 32 :8)

Ekri lèt ki manke yo nan espas vid yo. Apre sa, li tout vèsè a.

# Kimoun ki se ?







**Ini avèk yon liy non chak manm fanmi ak imaj li.**

1. Madanm Izarak
2. Frè Rebeka
3. Pitit Abraram
4. Manman Izarak
5. Mari Sara
6. Mari Rebeka
7. Madanm Abraram
8. Sèvitè Abraram
9. Papa Izarak
10. Sè Laban













**Jezi te di: Benediksyon pou moun k ap travay pou lèzòm viv byen youn ak lòt.**



Li kesyon anba a. Double fèy la sou anlè sou liy pwentiye a. Remake mo “Benediksyon” epi esplike sa li vle di ke se moun k ap travay pou lèzòm viv byen youn ak lòt.

# Kouman timoun yo santi yo lè yo alèz ak lòt moun?

# Bondye chwazi moun espesyal ki pou fè pati plan li yo.




Koupe imaj seksyon ki pou koupe a ki endike pou chak dimanch nan inite sa a. Lè mwa fini, pote fèy sa lakay ou, pou w sonje ke moun ki obeyisan yo kapab fè pati plan Bondye yo.

# Nan kimoun mwen kapab konfye m ?




Bay imaj moun ki reprezante moun ou kapab konfye w yo koulè.

# Mesaj Betleyèm nan

**Zanj lan pote bon nouvèl**

**Zakari pa ka pale**

**Mesaje a fèt**

## Li kapab pale ankò!

Mande timoun yo pou yo fè desen oswa dekri sa tit la di a nan chak kare. Sa ap ede yo sonje istwa biblik jodi a.

# Kisa ki fè la diferans lan?



## Obeyi v_ _on_ è _ an

Konplete espas vid yo pou konnen kouman nou dwe obeyi.
Fè de twou nan fèy la, pandan w ap koupe nan liy nwa a yo. Koupe imaj seksyon ki pou rekoupe a. Fè atansyon paske nan pati ki dèyè a gen de zanj pou lòt seksyon leson an. Mete li nan twou ou te fè yo. Dekri sa k ap pase a. Deplase imaj la pou wè kouman konpòtman timoun nan chanje. Sonje ke li enpòtan pou obeyi volontèman.

# Li va pote non Jezi



Nan pati ki dèyè lonbraj jennonm nan, w ap jwen yon imaj de zanj. Glise zanj lan epi obsève sèn kote zanj lan pale ak Mari. Apre sa, glise imaj la pou wè kouman zanj lan pale ak Jozèf. Rakonte kouman Jozèf ak Mari te obeyi Bondye volontèman.

# Kè poze pou tout moun ki sou latè!

1

2

3

4

Rekoupe kat imaj anba a yo epi kole yo nan lòd, pandan w ap rakonte istwa nesans Jezi a.



# JWENN BON NOUVÈL LA!

Ede moun sa yo jwenn chemen an, pa mwayen ti tras la, pou yo rive jouk kote tibebe Jezi ye a.



# Jezi se Sovè yo te pwomèt la






Sèvi ak mo kle yo pou w konplete devinèt la. Pandan w ap sèvi ak mo ki nan devinèt la, konplete fraz ki anba yo.

# Bon nouvèl pou ou!

## Mo kle yo

Vle
Konfye
Pwomès
Obeyisan

**Bondye (1)_ _ _ pou nou (4) _ _ _ _ _ _ _ _ _.**

**Ou kapab (2)_ _ _ _ _ _ _ ke Bondye ap akonpli (3) _ _ _ _ _ _ li yo.**

Enstriksyon pou lòt bò fèy la: Koupe liy nwa solid ki nan pati anba fèy la. Double sou liy pwentiye yo. Rekoupe imaj Mari ak Jozèf la ki nan seksyon ki pou koupe a epi sèvi ak yo avèk sèn nan pou w rakonte kouman Simeyon ak Ana te rekonèt tibebe Jezi a.










Pou katriyèm dimanch mwa desanm.



Pou twazyèm dimanch mwa desanm.



Pou premye dimanch mwa desanm.



Pou dezyèm dimanch mwa desanm.



Sèvi avèk imaj sa a yo pou konplete fèy asistans inite XII a. Chak semèn, koupe imaj ki gen rapò avèk istwa biblik la, epi kole li nan kare ki kòresponn nan.

Enstriksyon pou sèvi avèk kat klèb vèsè pou mwa a:  Ekri non elèv ou yo nan chak kat, epi pèmèt yo pote yo lakay yo pou yo kapab aprann vèsè a. Elèv ki rive gen plis kat epi aprann plis vèsè ap resevwa yon kado.

Inite I

**Sekou mwen soti nan men Seyè a, se limenm ki fè syèl la ak latè a. (Sòm 121:2)**

Inite II

**Pito nou chèche bay bagay peyi wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chèche viv jan Bondye vle l la anvan, lè sa a, Bondye va ban nou tout lòt bagay sa yo tou (Matye 6:33).**

Inite II

**Tout moun fè peche, yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. Men, Bondye ki renmen yo, li fè yo gras, li fè sa pou yo gratis (Women 3:23-24a).**

Sèvi avèk leson 3




Sèvi avèk leson 51




Sèvi avèk leson 53



Sèvi avèk leson 51



| | | |
|---|---|---|
| **Konbyen testaman ki genyen nan Bib la ?** | **Ki premye liv ki nan Bib la?** | **Kouman kat premye liv Nouvo Testaman yo rele?** |
| **Kimoun ki te ekri Bib la?** | **Èske Jenèz nan Ansyen Testaman oswa Nouvo Testaman?** | **Nan ki pati nan Bib la Revelasyon ye?** |
| **Kimoun ki te gid moun sa a yo ki te ekri Bib la?** | **Nan ki pati nan Bib la Sòm ye?** | **Èske levanjil dapre Lik nan Ansyen Testaman oswa Nouvo Testaman?** |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| X | X | X | X | X |
| O | O | O | O | O |

Sèvi avèk leson 38



Sèvi avèk leson 44

A

B

Pou Inite IX

| | | | |
|---|---|---|---|
| Semèn 1 | Semèn 2 | Semèn 3 | Semèn 4 |
|  | <br> |  |  |
| Koumanse avèk Jenèz | Koumanse avèk Levanjil yo | Sòm nan mitan. | Fini avèk Revelasyon |




Sèvi avèk leson 43

Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite IV**

**Non**

Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite V**

**Non**

Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite VI**

**Non**

Sèvi avèk leson 47



**Si w deklare avèk bouch ou devan tout moun ke Jezi se Seyè a, si w kwè tout bon nan kè ou ke Bondye te fè li leve soti vivan pami mò yo, ou va sove (Women 10 :9).**

Inite IV

**Epi li di yo : Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun (Mak 16 :15).**

Inite V

**Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a (Matye 28 :19).**

Inite VI












Sèvi avèk leson 26




Sèvi avèk leson 23

Inite VII

**Seyè nou an gen pouvwa, li gen anpil fòs, konesans li pa gen limit (Sòm 147 :5).**

Inite VIII

**M ap rele ou, Bondye, paske w reponn mwen; tanpri, panche zòrèy ou bò kote m, koute sa m ap di ou (Sòm 17 :6).**

Inite IX

**Pawòl ou se yon chandèl ki fè m wè kote m ap mete pye m, se yon limyè k ap klere chemen mwen (Sòm 119 :105).**




Sèvi avèk leson 34



Sèvi avèk leson 35



Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite X**

**Non**

Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite XI**

**Non**

Kat pou manm

**Klèb vèsè pou mwa a**

**Inite XII**

**Non**




Imaj 4

Imaj pou sèvi avèk inite III

**Non**

Imaj 1

**AVÈTISMAN**

Imaj 2




Imaj 5




Imaj 3

Inite X

**Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun, bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo kounye a (2 Konrentyen 5 :17).**

Inite XI

**Se Seyè a, Bondye nou an, n ap sèvi. N ap koute tout sa li di nou fè (Jozye 24 :24).**

Inite XII

**Jodi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la, Seyè a (Lik 2:11).**




Sèvi avèk leson 21







Sèvi avèk leson 13

Sèvi avèk leson 21

Sèvi avèk leson 18














# PreSkole

**Pou timoun ki gen laj soti nan 4-5 ane**






# DEBUTAN

**Pou timoun ki gen laj soti nan 6-8 ane**






# pawòl ki bay LAVI A

**Pou timoun ki gen laj soti nan 9-11**

L'ECOLE DU DIMANCE ET LA FORMATION DE DISIPLES

ISBN 978-1-63580-075-3
90000
9 781635 800753

**Koleksyon konplèt liv edikasyon kretyen yo**
**Pou antrenè timoun ki gen laj soti nan 4 -11 ane**